

Peze li

Nan Itilize Gout yo avèk Ti Men yo

Pipèt yo ak kont gout yo se zouti pafè pou pratike konpetans motris fin yo. Yo bon tou pou aprann yo konsantre epi pou gade yon bagay toupres.

Remake: Yo ka jwenn founiti ki soulinye yo nan kit ou a. Founiti ki an *italik* yo ou gendwa genyen yo lakay ou oswa ou kapab itilize yon bagay ki sanble.

Konsèy sou Zouti yo

Pipèt yo ak kont gout yo pouse lè a oswa dlo a deyò lè yo peze li, kidonk fè yon règ pou ke pwent zouti a pa ta dwe pwente sou je oswa zòrèy okenn timoun. Fikse règ pou itilize zouti sa yo avèk dlo (tankou pa flite sou yon moun). Pou tout aktivite yo, asire ou sipèvize timoun ou an epi vide dlo a lè ou fini.

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 2 ak 3 Ane yo

- **Avanse ansanm.** Plwaye yon mwatye fèy papye fè li fè yon balon epi plase li sou planche a oswa sou tab la. Fè timoun ou an mete pwent pipèt la nan balon an, answit peze li boul la. Lè a ki soti nan pipèt la ta dwe fè balon an deplase!
- **Andedan ak Deyò.** Ranpli yon *bòl* avèk enpe dlo. Ankouraje timoun ou an pran dlo a avèk pipèt la epi peze li pou li tonbe nan *bòl* la. Mete yon *dezyèm bòl vid*. Envite timoun ou an transfere dlo a soti nan yon *bòl* pou ale nan lòt la.
- **Vide nan yon sèk.** Ede timoun ou an desine yon ti sèk oswa mete yon otokolan wonn sou yon moso papye. Ankouraje timoun ou an itilize kont gout la pou mete youn oswa de gout dlo sou sèk la oswa wonn lan. Ajoute plis sèk oswa wonn pou plis pratik.



Prensip Fondamantal yo

Ede timoun ou an aprann itilize zouti sa yo. Konsidere kòmanse avèk pipèt la. Answit, eseye kont gout la. Itilize yon *bòl* dlo epi montre li fason pou:

- Antre pwent zouti a anba sifas dlo a.
- Itilize men oswa dwèt yo pou peze boul la (gade mous yo!).
- Lage boul la lejèman—dlo a ta sipoze monte nan tib la.
- Leve pwent zouti a anwo dlo a.
- Lage dlo a yon gout alafwa oswa rapidman fè yon flite.



Plis!

Bagay pou ou Eseye avèk Timoun ki gen 3 ak 5 Ane yo

- **Pouvwa lè.** Itilize riban adezif pou fè liy depa demare ak yon liy darive sou planche a. Plwaye yon mwatye fèy papye fè li fè yon balon epi plase li sou planche a epi plase li nan liy depa a. Pwovoke timoun ou an pou li itilize pipèt la pou deplase balon an pou li ale nan liy darive a. Eseye ankò avèk ti balon plaj la. Kiyès ki deplase pi vit?
- **Sa a pa rapò ak sila a.** Ranpli yon bòl avèk dlo. Mete de tas vid. Mande timoun ou an itilize pipèt Fla pou pran kantite dlo li kapab epi vide li nan youn nan tas yo. Answit, eseye menm bagay la avèk kont gout la. Ki zouti ki kapab kenbe plis dlo?
- **Dlo ki fè liy ond.** Kole yon moso papye sire byen plat sou tab la (oswa itilize yon asyèt). Envite timoun ou an itilize kont gout la pou pran enpe dlo soti nan yon bòl epi vide li sou papye sire a yon gout alafwa. Yo kapab itilize yon chalimo pou soufle gout dlo a dousman pou wè ki sa ki ap rive. (Ajoute koloran pou manje nan dlo a pou fè sa vini plis amizan ankò!)



Bagay pou ou di

“Kisa ou panse ki pral pase si nou...?”

Poze kesyon sa a kapab ankouraje eksplorasyon. Si bagay yo pa mache jan timoun ou an te panse yo tap mache a, pa gen pwoblèm. Ansanm, nou gendwa aprann yon bagay!

“Pa gen pwoblèm, annou netwaye li.”

Ou ta dwe atann ou ak kèk devèsman ak dezòd lè nou ap jwe avèk dlo. Jis prepare ou pou netwaye li ansanm.

“Waw! Mwen kapab wè ke ou ap eseye anpil pou itilize pipèt sa a.”

Aplodi efò a. Menm si timoun ou an fè yon lòt bagay ki pa sa ou te atann lan, selebre volonte li dèske li te eseye.